



Pou Piblikasyon Imedya: 01/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AK GOUVÈNÈ MURPHY LANSE APLIKASYON
NOTIFIKASYON EKSPOZISYON POU EDE SISPAAN PWOPAGASYON COVID-19
LA**

***COVID Alert NY ak COVID Alert NJ notifie itilizatè yo sou potansyèl ekspozisyon
a COVID-19 pandan y'ap mentni vi prive ak sekirite itilizatè yo***

***Aplikasyon yo sèvi ak Google ak Teknoloji Bluetooth Apple pou ajoute yon zouti
nan pwogram trasaj kontak New York ak New Jersey yo***

***New York ak New Jersey rejwenn Pennsylvania ak Delaware pou kreye rezo
aplikasyon COVID Alert rejyonal pou sispaan pwopagasyon COVID-19 la***

Telechaje aplikasyon an [isit la](#)

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Gouvènè New Jersey a Phil Murphy anonse lansman aplikasyon mobil notifikasyon ekspozisyon nan eta respektif pa yo ki pral sèvi kòm zouti enpòtan pou konplete efò pou trase ak kontakte moun ki sijè a yon ekspozisyon fas ak COVID. Aplikasyon yo, COVID Alert NY ak COVID Alert NJ, notifie itilizatè yo sou potansyèl ekspozisyon a COVID-19 pandan y'ap mentni vi prive ak sekirite itilizatè yo. Avèk lansman jodi a, New York ak New Jersey rejwenn Pennsylvania ak Delaware nan kreye yon rezo aplikasyon COVID Alert (Alèt COVID) rejyonal ki opere ant eta yo pou yo sispaan pwopagasyon COVID-19 la. Connecticut deja anonse tou ke li pral lanse Sistèm Notifikasyon Ekspozisyon an nan semèn kap vini yo. Ou ka telechaje aplikasyon an [isit la](#).

Aplikasyon mobil gratis yo disponib pou nenpòt moun ki gen 18 ane oswa plis ki abite, travay, oswa ale nan kolèj nan New York oswa New Jersey, yo disponib pou telechaje nan Google Play Store oswa Apple App Store. COVID Alert NY disponib an Anglè, Espanyòl, Chinwa, Bengali, Koreyen, Ris ak Kreyòl Ayisyen.

"Nou gen yon anons trè enteresan ki te pran anpil travay epi li reyèlman kreyatif ak entelijan e mwen panse ke li ka fè yon gwo diferans. Sa a se yon aplikasyon trasaj kontak ki baze sou teknoloji. Tès la bon menm jan ak trasaj kontak la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Tès la se pou idantifye yon moun, pou ou ka izole ak mete moun sa a an karantèn epi answit jwenn koneksyon moun sa a, epi se sa ki trasaj kontak la. Nou gen apeprè 15,000 moun nan tout eta a ki ap fè trasaj kontak, yo rele yo detektif maladi. Men, nou ap chèche yon solisyon ki baze sou teknoloji. Epi jodi a, nou ap

anonse yon aplikasyon ke ou ka telechaje gratis nan magazen aplikasyon (app store) ki rele COVID Alert NY."

"Pandan ijans sante piblik nou an, nou fè apèl pou nou gen yon sans responsablite pèsònèl pataje pou sipòte efò trasaj kontak nou yo pou ralanti pwopagasyon COVID-19 la", **Gouvènè Murphy te deklare.** "Avèk lansman COVID Alert NJ ak rezo aplikasyon rejyonal nou an, rezidan New Jersey yo ak rezidan yo ki nan eta avwazinan nou yo ka sipòte batay nou kont COVID-19 tou senpleman nan telechaje yon aplikasyon sou telefòn yo. Aplikasyon an gratis epi li an sekirite, epi yo pa pral janm pral kolekte idantite ou, enfòmasyon idantifikasyon pèsònèl ou, ak kote ou rete. Plis gen telefòn ki gen aplikasyon an, se plis nou ka goumen kont pandemi sa a pi byen".

Gouvènè Lamont te deklare, "Sa a se yon lòt zouti enpòtan nan bwat zouti nou pou ede eta nou an kenbe pwopagasyon COVID-19 la adistans. Avèk eta nou ki sèvi avèk teknoloji ki similè li rekonèt, yon fwa ankò, ke viris la pa respekte fwontyè yo, e ke nou dwe kontinye travay ansanm pou franchi tout etap ki nesèsè pou kenbe rezidan nou yo an sekirite. Efò nou yo sou trasaj kontak pote anpil sikse, e sa pral konplete efò sa yo".

Aplikasyon yo sèvi ak teknoloji Sistèm Notifikasyon Ekspozisyon (Exposure Notification System) ki devlope pa Google ak Apple pou ranfòse pwogram trasaj kontak New York ak New Jersey yo nan tout eta a. Aplikasyon COVID Alert yo pral notifie itilizatè yo si yo te an kontak sere - nan distan sis pye pou omwen 10 minit - ak yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19 la. Lè ou konnen sou yon ekspoze potansyèl sa ka ede moun yo fè yon plan pou yo rete an sekirite byen vit, ki gen ladan kontakte doktè yo oswa liy dirèk Depatman Sante Eta a pou ka resevwa plis enfòmasyon sou karantèn ak tès yo pou anpeche pwopagasyon kominotè.

COVID Alert NY ak COVID Alert NJ yo konplètman anonim epi yo pa retrase oswa kolekte okenn done sou kote ou rete oswa done pèsònèl nan telefòn ou. Aplikasyon COVID Alert yo pa sèvi ak done lokasyon GPS. Sistèm Notifikasyon Ekspozisyon an itilize teknoloji Bluetooth a Fèb Enèji pou detekte lè yon lòt telefòn ki gen menm aplikasyon an nan espas sis pye. Yo mezire pwoksimite, men yo pa mezire espas jewografik. Itilizatè aplikasyon COVID Alert yo dwe klèman chwazi ouvri notifikasyon ekspozisyon yo - epi yo ka fèmen li nenpòt ki lè.

Aplikasyon COVID Alert yo sèvi pou ranfòse pwogram trasaj kontak New York ak New Jersey yo. Aprè ou fin telechaje aplikasyon an, itilizatè yo dwe enskri pou resevwa "Notifikasyon Ekspozisyon yo". Ofiramezi chak jou, aplikasyon an pral sèvi ak Bluetooth pou detekte nenpòt "kontak pwòch" - itilizatè lòt aplikasyon ki nan espas sis pye ak ou pou plis pase 10 minit. Lè aplikasyon an detekte yon kontak sere, telefòn ou pral echanj yon kòd sekirite aleyatwa ak telefòn kontak pwòch la. Remake, yo pa janm divilge kote ou ye a, non ou oswa done ki idantifye ou pèsònèlman. Si ou teste pozitif pou COVID-19, yon reprezantan sante piblik nan depatman sante lokal la pral rele kòm yon pati nan pwogram trasaj kontak eta yo epi mande si ou vle yon fason anonim notifie "kontak pwòch" ou a lè ou telechaje kòd kontak pwòch anonim aplikasyon ou an Chak jou, aplikasyon an pral konpare kòd kontak pwòch lis ou a nan lis la nan kòd la ki

asosye ak itilizatè aplikasyon COVID-19 pozitif yo. Si gen yon korespondans, ou pral jwenn yon Alèt Ekspozisyon, ansanm ak pwochen etap ki apwopriye pou rete an sekirite ak anpeche pwopagasyon kominotè tankou mete pwòp tèt ou an karantèn ak fè tès. Aplikasyon COVID Alert yo pa janm revele idantite moun ki pozitif pou COVID-19 la.

Aplikasyon COVID Alert NY la pral travay ansanm ak aplikasyon similè yo nan Delaware, New Jersey ak Pennsylvania, sa k'ap pèmèt Nouyòkè yo kontinye resevwa notifikasyon ekspozisyon lè yo ekspoze a rezidan ki nan eta sa yo. Si yon rezidan Eta New York vwayaje nan youn nan eta sa yo epi li ekspoze a yon moun ki gen COVID-19 ki gen yon aplikasyon ekivalan, rezidan an pral resevwa yon notifikasyon.

COVID Alert NY ak COVID Alert NJ bay itilizatè yo dènye enfòmasyon sou COVID-19 nan eta pa yo, ki gen ladan done tès yo rapòte piblikman. Anplis de sa, aplikasyon an gen karakteristik yon Rejis Sante (Health Log) kote itilizatè yo ka anrejistre sentòm chak jou yon fason anonim.

Yo te kreye COVID Alert NY ak COVID Alert NJ ak devlopè lojisyèl NearForm. COVID Alert NY se yon patenarya ant Google, Apple ak Tech:NYC.

"Eta New York mennen nasyon an nan direksyon repons fas ak pandemi nou an, epi nou kontan anpil pou ogmante pwogram trasaj kontak nou an ki deja djanm avèk teknoloji inovatè sa a pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite epi mentni vi prive yo. Teknoloji COVID Alert NY la konplete travay ekip trasaj kontak nou yo epi li pral akselere pwosesis kote yo pral notifiye Nouyòkè yo sou potansyèl ekspozisyon epi bay yo resous itil sou tès ak sèvis sosyal yo nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a. Nou ankouraje tout Nouyòkè yo pou franchi etap senp yo pou telechaje aplikasyon an jodi a", **Komisè Depatman Sante New York la, Doktè Howard Zucker, te deklare,**

"Lansman COVID Alert NY se yon viktwa pou Nouyòkè yo. Li pral ekipe moun yo ak yon zouti anplis pou pwoteje tèt yo kont pandemi an, epi ede nou tout kenbe koub la plat. Aplikasyon sa a te pran anpil tan ak efò, e mwen bat bravo pou Gouvènè a ak patnè teknoloji nou yo pou travay inovan ak kolaboratif pa yo. Sa a se prèv ke New York ka akonpli nenpòt bagay lè lidè politik, biznis, ak lidè kominotè li yo mete tèt ansanm", **Direktris Egzekitif Tech:NYC, Julie Samuels, te deklare.** "COVID Alert NY pral kanpe pwopagasyon COVID la pou kont li, men mwen espere ke li pral jwe yon wòl konstrikatif kòm youn pami plizyè eleman nan estrateji repons pandemi nou an. Yo makònen konfidansyalite ak transparans nan aplikasyon an, e mwen fòtman ankouraje tout moun pou telechaje li".

"Bati ak konfidansyalite nan nwayo li, aplikasyon COVID Alert la mete pouvwa nan de pla men moun yo pou yo batay kont COVID-19 la. Nan sèvi ak sous teknoloji lib ke lòt kòlèg evalye, ki operab ant Pennsylvania ak Delaware, Eta New York ak New Jersey pral pèmèt sitwayen yo angaje, pwoteje youn lòt ak brize chèn transmisyon an. Yo te deja deplwaye apwòch prezèvasyon vi prive sa a ak anpil siskè atravè fwontyè yo nan lland ak kèk pati nan UK a", **Deklarasyon Direktè Egzekitif Jeneral NearForm lan, Cian O Maidin.**

Vizite ny.gov/covidalerts pou plis enfòmasyon sou COVID Alert NY. Aplikasyon an disponib sou Apple Store ak Google Play.

Vizite covid19.nj.gov/app pou plis enfòmasyon sou COVID Alert NJ.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)